# «UZ-KOR GAS CHEMICAL» ЖУЎАПКЕРШИЛИГИ ШЕКЛЕНГЕН ЖӘМИЙЕТИ ТҮРИНДЕГИ ҚОСПА КӘРХАНАСЫНДА КОРРУПЦИЯҒА ҚАРСЫ ГҮРЕСИЎ СИЯСАТЫ

## I. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

**1.1.** «Uz-Kor Gas Chemical» ЖШЖ ҚК ның Коррупцияға қарсы гүресиў сиясаты (буннан былай текстте - Сиясат) коррупцияға қарсы гүресиў тараўындағы Өзбекстан Республикасы нызамшылығы, халықаралық стандартлар, сондай-ақ «Uz-Kor Gas Chemical» ЖШЖ ҚК ның (буннан былай текстте - Кәрхана) ишки норматив ҳүжжетлерине муўапық ислеп шығылған.

**1.2**. Бул Сиясат Кәрхананың коррупцияға қарсы гүресиў ҳәм коррупциялық қәўипти пәсейтиў бойынша жумысының тийкарғы мақсетин, ўазыйпаларын, принциплерин, талапларын ҳәм бағдарын белгилеўши, сондай-ақ Кәрханада нызамға қайшы коррупциялық жағдайларды болдырмаў, анықлаў ҳәм алдын алыў, Кәрхана ҳәм жумысшылар, шөлкемлестириўшилер, басқарыў уйымлары, Кәрхана атынан ҳәм оның мәпи ушын ҳәрекет етиў ҳуқықына ийе басқа да шахслар тәрепинен коррупцияға қарсы гүресиў бойынша нызамшылық, усы Сиясат ҳәм Кәрхананың басқа да ишки актлери талапларын сақлаўға қаратылған тийкарғы ишки нормативлик ҳүжжет болып табылады.

**1.3.** Бул Сиясат төмендеги тийкарғы термин ҳәм түсиниклерди өз ишине алады:

**коррупция** – шахстың өз мәнсабы яки хызмет лаўазымынан жеке мәплерин ямаса өзгелердиң мәплерин гөзлеп, материаллық ямаса материаллық емес пайда алыў мақсетинде пайдаланыўы ҳәм усы тәризде бундай мәпти нызамға қайшы түрде усыныс етиўи;

**коррупциялық қәўип** – хызметкердиң ҳәм/ямаса басқа да шахслардың өз мәнсабы яки хызмет лаўазымынан жеке мәплерин ямаса өзгелердиң мәплерин гөзлеп, материаллық ямаса материаллық емес пайда алыў мақсетинде коррупциялық ҳәрекетлерди ислеў мүмкиншилиги; усындай ҳәрекетлерди хызметкерлер ямаса үшинши шахслардың Кәрхана атынан яки Кәрхана мәпи ушын ислеў мүмкиншилиги;

**коррупциялық ҳуқықбузарлық** – коррупция белгилерине ийе, нызамшылыққа муўапық жуўапкершилик нәзерде тутылған қылмыс;

**коррупцияға қарсы мониторинг** – усы Сиясатты әмелге асырыў мақсетинде мағлыўматлар топлаў, бақлаў, талқылаў, баҳалаў ҳәм коррупциялық факторларды болжаў тийкарында Кәрхананың коррупцияға қарсы гүресиў саласында алып барылатуғын илажлар жыйындысы;

**коррупцияға қарсы гүресиў системасы** – Кәрхананың, оның уйымларының, хызметкерлериниң өз ўәкилликлери шеңберинде төмендеги бағдарларда алып барып атырған жумыслары:

- коррупцияның алдын алыў, соның ишинде, оны анықлаў ҳәм соңынан келип шығыў себеплерин сапластырыў (коррупция профилактикасы);
- коррупциялық ҳуқықбузарлықларды анықлаў, алдын алыў, болдырмаў, олардың келип шығыў себеп ҳәм шәртлерин ашыў ямаса сапластырыў, сондай-ақ оларды изертлеў (коррупцияға қарсы гүресиў);

**мәплер соқлығысыўы** – Кәрхана хызметкериниң хызмет ямаса лаўазым ўазыйпаларының тийисли дәрежеде орынланыўына тәсир етиўи және жеке мәпи ҳәм ҳуқықлары менен Кәрхананың нызамлы мәплери арасында қарама-қарсылық келип шығаратуғын ҳәм шығарыўы мүмкин болған Кәрхананың ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин қозғаўшы Кәрхана хызметкериниң жеке (тиккелей ямаса тиккелей емес) мәплери;

**жеке мәп** – Кәрхана яки басқа шөлкем хызметкери ямаса олар менен байланыслы шахслардың тиккелей яки тиккелей емес шешим қабыл етиў ямаса бул процесстеги басқа да қатнасы нәтийжесинде ийелеўи мүмкин болған пайдасы ямаса артықмашлығы;

**басқа шахслар** (тәреплер) – Кәрханаға хызмет ҳәм товарлар жеткерип бериўши ямаса Кәрхана жумысына сезилерли дәрежеде тәсир етиўши, Кәрхана атынан яки оның мәпи ушын ҳәрекет ете алатуғын Кәрхана хызметкери болмаған юридикалық ҳәм (ямаса) физикалық шахслар, жеке исбилерменлер;

**берилген жәрдем ушын хошаметлеў** – орнатылған процедура ямаса ҳәрекетлердиң стандарт тәртибин орынлаўды тәмийинлеў яки тезлестириў мақсетинде пул, мүлк, мүлк ҳуқықын, басқа да материаллық яки материаллық емес пайда келтиретуғын хызмет усыныс етиў.

- коррупциялық ҳуқықбузарлықлардың ақыбетлерин пәсейтиў ҳәм (ямаса) сапластырыў.

**жумыс бабындағы мийимандослық белгилери** – Кәрхана хызметкерлери мәпи ушын олардың мейиллигин көтериўге қаратылған, үшинши шахсларды жаратыў ҳәм/ямаса оларды қоллап-

қуўатлаў менен байланыслы қәрежетлер, соның ишинде үшинши шахслар ушын аўқат, бизнес-ланч шөлкемлестириў, транспорт шығынлары, жатақ жай, кеўил ашар илажлары, сол есапта саяхат бағдарламалары қәрежетлери ҳәм т.б.;

**контрагент** – Кәрхана менен шәртнамалық қатнасықларға (мийнет шәртнамаларынан тысқары) кирген қандай да бир юридикалық ямаса физикалық шахс;

**таныс-билислик** (дослық қатнасықларға тийкарланған фаворитликке көзқарас) – досларға ямаса исенимли адамларға нызамсыз артықмашлықларды бериў ушын абырой ҳәм/ямаса атақтан пайдаланыў;

**жерлеслик** – тек ғана жергиликли мәплер ушын ҳәрекет етиў. Бул жағдайда лаўазымға маманлық талаплары сәйкес келмеўине қарамастан шахсты жумысқа алыў ҳәм ротация қылыў оның ағайиншилиги (абыройлы ямаса атақлы династиядан болғанлығы ҳәм оның жәмийетшилик тәрепинен тән алыныўы) және оның жақын туўысқанларының ийелеп турған лаўазымлары арқасында әмелге асырылады;

**ағайиншилик** (таныс-билислик, туўысқаншылық; туўысқаншылық белгилери бойынша фаворитлик) – басшылық ҳәм/ямаса абыройынан пайдаланып, өз туўған-туўысқанларына ямаса дosларына нызамсыз пайда келтириў, сондай-ақ жақын туўысқанларын ҳәм (ямаса) досларын тийкарсыз хошаметлеў, Кәрхана мәплерине қарсы жақын туўысқанларын ҳәм досларын тартыў ҳәм тайынлаў;

**рәсмийлестириўди әпиўайыластырыў ушын пара** – белгиленген ис-ҳәрекетлерди орынлаў менен байланыслы стандарт процедуралардың әмелге асырылыўын тәмийинлеў яки тезлестириў мақсетинде пул қаржыларын, тийисли нызамшылық ҳәм нормативлик-ҳуқықый актлерде нәзерде тутылмаған мүлк, мүлк ҳуқықларын, хызмет және басқа да материаллық ҳәм материаллық емес байлықларды бериў;

**ата-бабалардың туўысқаншылық байланыслары** – хызметкердиң үшинши шахсларға қарата қандай да бир династияға тийислилиги тийкарында субъектив, артықмашлы ҳәм қалыс болмаған жеке қызығыўшылығы;

**фаворитлик** – Кәрхана хызметкери тәрепинен бир ямаса бир топар шахстың мәплерин басқа шахс ямаса шахслар топары мәплеринен үстем қойыў, соның ишинде Кәрханадағы кадрларды таңлаў ҳәм тайынлаў, хызмет лаўазымын көтериў, хошамет пулын есаплаў ҳәм усыныўда, наразылық билдириўде, сондай-ақ жумыс ҳәм нәўбетшилик кестелери бойынша гезекти белгилеўде тәртипти сақламаған ҳалда мәмлекетлик сыйлықларға, мийнет дем алысына ямаса курортларға ҳәм шет еллерге барыўды усыныў;

**қайырқомлық (қайырқомлық жумыслар)** – бийпул яки жеңилликли шәртлер тийкарында басқа бир юридикалық ҳәм физикалық шахсларға мүлклерди, соның ишинде пул қаржыларын бериў, жумыслар орынлаў, хызмет көрсетиў және басқа да қайырқомлық мақсетлерде қоллап-қуўатлаўды әмелге асырыў менен байланыслы ықтыярлы ҳәм қалыс жәрдем (ис-ҳәрекет);

**халықаралық шөлкем** – шөлкемлестириў формасы ҳәм ўәкилликлерине қарамастан, мәмлекетлер, ҳүкиметлер ямаса басқа бир халықаралық шөлкем тәрепинен дүзилген қандай да бир халықаралық шөлкем, соның ишинде, мысалы, регионаллық экономикалық интеграциялаў шөлкемлери;

**жоқары басшылық –** Басқарма баслығы ҳәм Басқарма баслығының орынбасары;

**хызметкер** – Кәрхана менен мийнет мүнәсибетлерине кирискен физикалық шахс;

**жақын туўысқанлар** – өз-ара туўысқаншылық ямаса жақын қатнасықларда болған шахслар, яғный, ата-ана, аға-ини ҳәм апа-қарындас, ерли-зайыплылар, балалар (соның ишинде асырап алынған), ата ҳәм әже, сондай-ақ өмирлик жолдастың ата-аналары, туўысқанлары ҳәм асырап алынған аға-ини, апа-қарындаслары.

**1.4.** Бул Сиясат Кәрхананың барлық бөлимлерине, қандай лаўазымға ийе болғанына қарамастан барлық жумысшыларына, Кәрхананың басқарыў уйымларына тәсир етеди ҳәм Кәрханада коррупцияға қарсы гүресиў бойынша талап ҳәм стандартларын орнатыўшы тийкарғы ишки нормативлик акт есапланады.

**1.5.** Бул Сиясат талаплары коррупцияға қарсы гүресиў шеңберинде Кәрхана ишинде тәсир етиўи менен бирге, Кәрхананың басқа шахслар менен мүнасибетлерине де тәсир етеди.

**1.6.** Бул Сиясат сондай-ақ мәпдар ҳәм аффиляцияланған шахсларға да тәсир етеди, оның талаплары Кәрхана тәрепинен басқа контрагентлер менен шәртнамалық, пуқаралық-ҳуқықый ҳәм басқа да рәсмий мүнәсибетлер дүзилген пайытларда есапқа алынады.

**1.7.** Кәрхананың коррупцияға қарсы гүресиў Сиясаты ҳадаллық ҳәм әдеп-икрамлыққа тийкарланған бизнес алып барыўға қаратылған. Бақлаў Кеңеси ҳәм Кәрхана Басқармасы парахорлық ҳәм

коррупцияға маўасасызлық принциплерине тийкарланады ҳәм Кәрханының барлық хызметкерлери қандай да бир рәсмий қатнасықларда ҳәм жумыс бабындағы өз-ара мүнәсибетлерде өзлерин кәсипке садықлық, әдиллик ҳәм әдеп-икрамлық шеңберинде тутыўы тийис, сондай-ақ парахорлыққа қарсы тәсирли механизмлерди енгизиўи ҳәм әмелге асырыўы зәрүр.

**1.8.** Кәрхана өз жумысшыларына усы Сиясат, басқа да ишки нормативлик актлер, соның ишинде «Uz-Kor Gas Chemical» ҚК ЖШЖ ның Этикалық кодекси менен орнатылған талапларды қояды, жумысқа қабылланыў пайытында усы Сиясат талаплары менен таныстырыў арқалы олардың коррупцияға қарсы мәдениятын көтереди.

**1.9.** Бул Сиясат талапларын орынлаўды қадағалаў «Uz-Kor Gas Chemical» ҚК ЖШЖ ның Комплаенс қадағалаў бөлими тәрепинен әмелге асырылады.

## II. КОРРУПЦИЯҒА ҚАРСЫ СИЯСАТТЫҢ МАҚСЕТЛЕРИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

**2.1** Бул Сиясаттың мақсетлери төмендегилер:

- Кәрхана жумысшыларында, басқарыў уйымларында барлық түрдеги ҳәм көринистеги коррупциялық ҳәрекетлерге маўасасызлық ҳаққындағы бирден-бир түсиник пайда етиў;
- Кәрхана жумысшыларында нызамға қарсы, коррупциялық ҳәрекетлерди анықлаў, алдын алыў ҳәм болдырмаў.

**2.2.** Кәрханада коррупцияға қарсы гүресиў системасының ўазыйпалары төмендегише:

- Кәрханада коррупцияға қарсы гүресиўдиң принцип хәм қағыйдаларын орнатыў;
- коррупцияға қарсы гүресиў ҳәм Кәрхананың, сол есапта оның жумысшыларының қәўипке тартылыўын пәсейтиўге қаратылған нәтийжели механизмлер, процедуралар, қадағалаў ҳәм басқа да илажларды жаратыў;
- коррупциялық бағдардағы барлық көринислерге маўасасызлық, соның ишинде Кәрхана жумысшылары арасында коррупцияға қарсы бирден-бир ҳәрекетлер стандартын қәлиплестириў;
- коррупцияға қарсы принциплерди Кәрхананың барлық дәрежедеги жумысларында стратегиялық ҳәм оперативлик басқарыўға енгизиў;
- Кәрхана жумысшыларында, клиентлеринде, контрагентлеринде, шөлкемлестириўшилеринде, инвесторларында ҳәм басқа да шахсларда усы Сиясат принциплериниң бирден-бир түсинигин қәлиплестириў
- Кәрхананың басқарыў уйымларын коррупциялық ҳуқықбузарлық ҳәм коррупцияға қарсы гүресиў илажлары ҳаққында хабарландырыў;
- коррупциялық ҳуқықбузарлық ушын интизамлық шара қолланыў;
- коррупцияға қарсы гүресиў менеджменти системасын турақлы жақсылап барыў.

## III. КОРРУПЦИЯҒА ҚАРСЫ ГҮРЕСИЎДИҢ ТИЙКАРҒЫ ПРИНЦИПЛЕРИ

**3.1** Бул Сиясаттың тийкарғы принциплери төмендегилер:

**легитимлик** – Кәрханадағы коррупцияға қарсы илажлар Өзбекстан Республикасы нызамшылығы ҳәм Кәрхананың ишки актлерине, сондай-ақ дүньяның алдыңғы тәжирийбелерине муўапық әмелге асырылады;

**коррупцияға маўасасызлық (қабылламаў)** – Кәрхана өз жумысының барлық тараўларында коррупция көринислерине маўасасыз. Кәрхана хызметкерлерине коррупция қәўпи бар ҳәрекетлерде тиккелей яки жанапай қатнасыў қатаң қадаған етиледи;

**ашық-айдынлық** – кең жәмийетшиликти Кәрхананың тийкарғы хызметкерлери ҳаққында, сондай-ақ Кәрханада коррупцияға қарсы гүресиў бойынша қабыл етилген ҳәм әмелге асырылған илажлар ҳаққында хабардар етиў (купыялық ҳәм сырлылық ҳаққындағы нызамшылық талапларын есапқа алған ҳалда);

**коррупцияға қарсы илажлардың превентивлиги, системаластырылыўы ҳәм пүтинлиги** – коррупцияның алдын алыў, коррупциялық ҳәрекетлерди ислеўге ийтермелеўши себеп ҳәм шараятлар, сондай-ақ коррупциялық қәўиплерди сапластырыў бойынша илажлардың әҳмийетлилиги. Коррупцияға қарсы илажлар ҳәм процедуралар анықланған қәўиплер дәрежесине сәйкес келиўи ҳәм Кәрхананың барлық функциялары менен салаларын қамтыўшы коррупцияға қарсы системаға интеграцияланыўы зәрүр;

**коррупциялық ҳуқықбузарлық ушын жуўапкершиликтиң анықлығы** – коррупциялық ҳәрекетлерди қылған Кәрхана хызметкерлери, ийелеп турған лаўазымына қарамастан, Кәрхананың ишки ҳүжжетлерине муўапық тийисли тәртипте жуўапкершиликке тартылады;

**илимий-техникалық раўажланыў ҳәм мәлимлеме технологияларын қолланыў** – Кәрхана коррупцияға қарсы гүресиў системасын қәлиплестириўде илимниң ең соңғы жетискенликлеринен,

сол арада комплексли мәлимлеме-коммуникациялық системалардан кеңнен пайдаланыўға тырысады;
**тиккелей мүрәжат** – коррупциялық қылмыстың исленгенлиги туўралы исенимли ҳәм тийкарлы мағлыўматлар бар болған жағдайда Кәрхана хызметкери ҳеш қандай тосықларсыз тиккелей басшылыққа ямаса Комплаенс қадағалаў бөлимине шара көриў ушын мүрәжат етиўи мүмкин;
**мониторинг, анализ ҳәм баҳалаў** – Кәрхана ҳәрдайым коррупцияға қарсы система жумысын бақлап ҳәм анализлеп барады, сондай-ақ оның нәтийжелилигин баҳалайды;
**комплаенс-қадағалаў дүзилисиниң бийғәрезлиги** – Кәрхананың Бақлаў кеңесине коррупцияға қарсы гүресиў мәселелери бойынша тез және тосқынсыз мүрәжат етиў ҳәм белгиленген мүддетлерде есабатларды бериў мүмкиншилиги;
**коррупцияға қарсы гүресиў системасын турақлы жетилистириў** – Кәрханада коррупцияның алдын алыў ҳәм оған қарсы қарсы гүресиў системасын мониторинг қылыў және қадағалаў, коррупциялық қәўиплерди сапластырыўға қаратылған илажлар.

## IV. КОРРУПЦИЯЛЫҚ ҲӘРЕКЕТЛЕР

**4.1.** Усы Сиясат мақсетлери, ўазыйпалары, қойылған талапларына муўапық коррупциялық ҳәрекетлер деп Кәрхана хызметкериниң өз лаўазымынан ҳәм/ямаса хызмет дәрежесинен пайдаланып ислеген ҳәрекетлери болып табылады:
– Кәрхана қатнасында ҳәм/ямаса оның атынан, яки Кәрхана мәпи ушын мәмлекетлик ҳәм басқа да уйым, юридикалық шахслар, басқарыў уйымлары және юридикалық шахслардың ўәкиллери ҳәм т.б. қатнасында;
– жеке мәплер ушын ямаса басқа шахслар мәплери ушын;
– жеке өзи яки үшинши шахслар арқалы;
– тиккелей ямаса жанапай;
– қандай да бир формада материаллық яки материаллық емес пайда алыў (бериў) мақсетинде.

Коррупцияның барлық форма ҳәм көринислериниң алдын алыў ҳәм болдырмаў мақсетинде Кәрханада ҳәм структуралық бөлимдерде төмендегилер белгиленеди:
- Кәрхана жумысшыларына, басқарыў уйымы ағзаларына, Кәрхана атынан ҳәм/ямаса оның мәпи ушын ҳәрекет етиўши басқа шахсларға тиккелей ямаса жанапай, жеке өзи яки дәлдәлшилик етиў арқалы коррупциялық ҳәрекетлерге қатнасыў қатаң қадаған етиледи. Сол қатарда пара, ҳәкимшилик, бюрократлық ҳәм басқа да қәлеген түрдеги рәсмиятшылықларды әпиўайыластырыў ҳәм/ямаса айланып өтиў есесине сыйлықлар усыныў, бериў, ўәде етиў, сораў ҳәм алыў, соның ишинде ақшалай, қымбат баҳалы буйымлар, хызметлер ямаса басқа да пайда түринде;
- коррупциялық ҳәрекетлерге жол қоймаў, сол қатарда жеке мәплерди гөзлеп хызмет дәрежесинен пайдаланған ҳалда төмендегилер қатнасында:
- Мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ўәкиллери, үшинши тәреплер, Кәрхана жумысшылары.

## V. КОРРУПЦИЯНЫҢ АЛДЫН АЛЫЎ БОЙЫНША ТИЙКАРҒЫ ИЛАЖЛАР

**<u>Кәрхана, оның жумысшыларының коррупциялық ҳәрекетлерге тартылыўының профилактикасы</u>**
**5.1.** Кәрханада корупциялық қәўиплерди нәтийжели анықлаў, баҳалаў ҳәм пәсейтиў мақсетинде төмендеги тийкарғы усыллар қолланылады:
- Кәрхана жумысшыларын усы Сиясат талаплары ҳәм басқа да ишки нормативлик актлер менен таныстырыў;
- ўәкиллик көлеминен ҳәм жеке нәзердеги мүмкиншиликлерден келип шығып, орта ҳәм жоқары коррупциялық қәўип пенен байланыслы болған функциялар, жумыс түрлери, бизнес-процесслер ҳәм лаўазымларды белгилеў;
- финанслық ҳәм финанслық емес қадағалаў механизмлерин орнатыў;
- Кәрхана жумысшыларына ҳәм лаўазымлы шахсларына тийисли (нызам менен белгиленген ҳәм/ямаса Кәрхананың ишки нормативлик ҳәм тәртиплестириўши актлери менен тастыйықланған) талапларды қойыў;
- жумысшыларды баҳалаў ҳәм қабыллаў, сондай-ақ мәплер соқлығысыўын сапластырыў ҳәм алдын алыў;
- Кәрхана контрагентлерин баҳалаў, анализлеў, дью дилидженс ҳәм таңлаў процедуралары;
- коррупциялық ҳуқықбузарлық ҳәм/ямаса алдаўшылық ҳәрекетлери фактлери яки коррупциялық ҳуқықбузарлық ҳәм/ямаса алдаўшылық ҳәрекетлерге аўдырыў мақсетинде Кәрхана

жумысшыларына мүрәжат еткен жағдайлар ҳаққында келип түскен барлық мағлыўматларды баҳалаў ҳам қайта ислеў
- саўға етиў, рәсмий миймандослық белгилерин алыў ҳәм ўәкалатлық қарежетлер тәртибин шешиў;
- сорастырыў жумысларын алып барыў ҳәм коррупциялық ҳуқықбузарлықты ислеген шахсларға қарсы тийисли шаралар көриў;
Ишки нормативлик ҳәм шөлкемлестириў-тәртипке салыў ҳүжжетлерин және шәртнамаларды ӨзР коррупцияға қарсы гүресиў саласындағы нызамшылық актлерине сәйкеслигин анализлеў.
**5.2.** Кәрхана усы Сиясат талапларын орынлаў бойынша хызметкерлер ҳәм басқа да мәпдар тәреплер менен профилактикалық, мәлимлеме-түсиндириў ҳәм үгит-нәсият жумысларын алып барады.
**5.3.** Кәрхананың структуралық бөлимлери басшылары жумысшыны баҳалаўда, хошаметлеўде, басқа лаўазымға өткериўде Кәрханада орнатылған коррупцияға қарсы талапларды есапқа алған ҳалда өз хызмет ўазыйпаларын узақ ўақыт даўамында, минсиз ҳәм нәтийжели атқарыўы ҳаққындағы мағлыўматты инабатқа алады.

**<u>Контрагентлер менен қарым-қатнас барысындағы коррупцияға қарсы илажлар</u>**

**5.4.** Кәрхана тәрепинен физикалық ҳәм юридикалық шахслар менен шәртнама мүнәсибетлерине кирискенде Кәрхана контрагентлерден ҳәм басқа да шахслардан шәртнамаларда ҳәм/ямаса Кәрхананың ишки ҳүжжетлеринде бекитилген ямаса тиккелей ӨзР нызамшылығынан келип шығатуғын коррупцияға қарсы гүресиў бойынша тийисли миннетлемелерди орынлаўын күтип қалады.
**5.5.** Кәрхана ҳәрекеттеги нызамшылыққа муўапық Кәрхананын, оның хызметкерлериниң коррупциялық ҳәрекетлерге тартылыў қәўпиниң алдын алыў ҳәм анықлаў мақсетинде контрагентлерди комплексли тексериў бойынша ақылға уғрас ҳәм қолайлы илажларды көреди.
**5.6.** Кәрхана өзи, өз жумысшылары ушын қандай да бир артықмашлыққа ийе болыў ямаса өзиниң, өз жумысшыларының нызамға қайшы ҳәрекетлерин (ҳарекетсизлигин) жасырыў мақсетинде коррупциялық ҳәрекетлерди ислеў ушын дәлдәлшилерди қарым-қатнасқа тартпайды.

**<u>Кәрхана хызметкерлери менен өз-ара қарым-қатнас</u>**

**5.7.** Кәрхана жумысшыларына тиккелей яки жанапай, жеке өзи яки үшинши шахслардың дәлдәлшилиги менен коррупциялық ҳәрекетлерге қатнасыў, пара бериў ҳәм алыў, лаўазымынан пайдаланыў, ҳәкимшилик ҳәм басқа да рәсмиятшылықларды әпиўайыластырыў яки өзи ямаса үшинши шахслар ушын пул, қымбат баҳалы буйымлар, басқа да мүлк ямаса мүлк тәризиндеги хызметлер, басқ да мүлклик ҳуқықларды жеке мәп (пайда) алыў мақсетинде коммерциялық паралаў қадаған етиледи.
**5.8.** Кәрхана жумысшылары тәрепинен усы Сиясат, Корпоративлик этика кодекси, басқа да коррупцияға қарсы ҳәм оның алдын алыўға қаратылған ишки ҳүжжетлер принцип ҳәм талапларына бойсыныўы олардың жумысын баҳалаўда есапқа алынады.
**5.9.** Кәрхана жумысында коррупциялық ҳуқықбузарлық ҳаққында хабар берген хызметкерлерди қорғайды ҳәм белгиленген тәртипте хошаметлейди.
**5.10.** Кәрхана хызметкери санкцияларға тартылмайды, егер ол:

- алда күтилип атырған коррупция ҳалаты ҳаққында хабар берсе;
- коррупциялық ҳуқықбузарлықта қатнасыўдан бас тартса;
- коррупциялық ҳуқықбузарлыққа дәлдәлшилик етиўден бас тартса;
- мәплер соқлығысыўы ҳалаты ҳаққында хабар берсе.

**<u>Мәплер соқлығысыўы</u>**

Кәрхана хызметкерлери өз лаўазым яки хызмет ўазыйпаларын атқарыў пайытында мәплер соқлығысыўына алып келиўши жеке қызығыўшылығына жол қоймаўы керек.
Мәплер соқлығысыўы жүзеге келген жағдайда Кәрхана хызметкерлери тийисли нызамшылыққа, Мәплер соқлығысыўын сапластырыў сиясаты менен белгиленген талапларына муўапық илажлар көриўи тийис.

**<u>Коррупциялық ҳуқықбузарлықларды ашыў ҳәм сорастырыў</u>**

**5.11.** Кәрхана хызметкери, қарыйдары, контрагенти, басқа да шахслар Кәрхананы, оның хызметкерлерин усы Сиясат талапларын бузыўға тартыў деп табылатуғын ҳәрекетлерди,

ҳәрекетсизликти анықлаған жағдайда, бул ҳаққында тиккелей басшыға, Комплаенс қадағалаў бөлимине, Кәрхананың басқарыў уйымына хабар бериўи мүмкин:
- қолда бар байланыс каналлары арқалы;
- тиккелей почта яки курьерлик хызмети арқалы.

**5.12.** Кәрхана усы Сиясат талапларының бузылғанлығы ҳаққындағы барлық хабарларды, сол қатарда анонимлик хабарларды да алдын ала тексереди.

**5.13.** Кәрханаға аноним түрде жиберилген хабарлар Кәрхананың ишки актлерине муўапық көриледи, бирақ Кәрхана аноним хабарларға жуўап бериўди өз миннетлемесине алмайды.

**5.14.** Мүрәжатшы талабына көре, Кәрхана ол ҳаққында мағлыўматлардың сырлылығын тәмийинлейди, нызамшылықта нәзерде тутылған ҳалатлардан тысқары.

**5.15.** Хабарларда көрсетилген мағлыўматлардың туўрылығын тексериў Комплаенс қадағалаў бөлими тәрепинен алып барылады.

**5.16.** Тексериў жуўмағы менен коррупциялық ҳуқықбузарлық исленгенлиги (исleниўи итималлығы) анықланған жағдайда, материаллары қоса тигилген хабар Комплаенс қадағалаў бөлими баслығы тәрепинен Жоқары басшылыққа шара көриў ушын киритиледи ҳәм жумысшыны тийисли тәртипте хошаметлеў илажлары көриледи.

**5.17.** Усы Сиясаттың бузылыўы ҳаққында анықланған фактлер (тийкарлы гүманлар) бойынша Кәрхана бул ҳалаттың себеплерин анықлаў ҳәм сапластырыў жәнe/ямаса ақыбетлерин жоқ етиў бойынша жумыс алып барады.

## VI. КОРРУПЦИЯҒА ҚАРСЫ ГҮРЕСИЎ СИСТЕМАСЫ ШЕҢБЕРИНДЕ КӘРХАНАНЫҢ БАСҚАРЫЎ УЙЫМЛАРЫ, БӨЛИМЛЕРИ ҲӘМ ХЫЗМЕТКЕРЛЕРИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ФУНКЦИЯЛАРЫ ҲӘМ ЎӘКИЛЛИКЛЕРИ

**6.1.** Кәрхананың Бақлаў кеңеси:

- өз ўакилликлери шегарасында усы Сиясатты ҳәм басқа коррупцияға қарсы гүресиў системасы ҳүжжетлерин тастыйықлайды;
- коррупцияға қарсы гүресиў ҳәм бул саладағы қабыл етилип атырған илажлар үстинен улыўма қадағалаўды әмелге асырады;
- белгиленген ўақыт аралығында Жоқары басшылықтың ҳәм Комплаенс қадағалаў бөлиминиң коррупцияға қарсы гүресиў менеджменти системасы ҳаққындағы мағлыўматты анализлеп барады.

**6.2.** Жоқары басшылық:

- Комплаенс қадағалаў бөлимин ашыў, оны өзгертиў ҳәм тоқтатыў ҳаққында шешим қабыл етеди;
- өз ўәкиллиги шеңберинде коррупцияға қарсы гүресиў бойынша ишки нормативлик ҳүжжетлерди, шөлкемлестириў илажларын ҳәм процедураларды, комплексли ҳәм системалы илажларды тастыйықлайды;
- Кәрхана жумысының коррупцияға қарсы гүресиў саласындағы нызамшылық талапларына сәйкеслиги ушын жуўапкершиликти мойнына алады;
- ҳәмме басқышларда коррупцияның барлық формалары ҳәм көринислерине маўасасызлық принципин әмелге асырады;
- коррупцияға қарсы гүресиўдиң нәтийжели системасын енгизеди ҳәм қолланады;
- усы Сиясат режелерин сақлаў, соның ишинде Кәрхананың коррупцияға қарсы гүресиў системасындағы мәселелерди нәтийжели ҳәм оператив шешиў үстинен қадағалаў алып барады;
- Кәрханада коррупцияға қарсы гүресиў менеджменти системасы шеңбериндеги мәселелер ҳәм алып барылып атырған илажлар бойынша шешим қабыл етеди.

**6.3.** Комплаенс қадағалаў бөлими:

- Кәрхана жумысшылары коррупцияның алдын алыў ҳәм оған қарсы гүресиў мақсетинде усы Сиясат ҳәм басқа да ишки ҳүжжетлерде нәзерде тутылған талаплардың орынланыўын қадағалайды;
- пуқаралардың, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың Кәрханада коррупцияға байланыслы мағлыўматларын рәсмий байланыс каналлары (Кәрхананың корпоративлик веб-сайты ҳәм басқа да байланыс каналлары) арқалы мүрәжатларының шешилиўи үстинен қадағалаўды әмелге асырады;
- Жоқары басшылыққа усы Сиясаттың ҳәм басқа да коррупцияға қарсы ишки актлердиң бузылыўы ҳаққындағы хабарлардың алыныўы туўралы мағлыўматтың жетип барыўын тәмийинлейди;
- хызмет сорастырыўы бойынша барлық зәрүр илажларды шөлкемлестиреди;
- хызмет сорастырыўы бойынша досье жаратады ҳәм оның сақланыўын тәмийинлейди;

- Кәрхана жумысшылары тәрепинен коррупциялық ҳәрекетлерди анықлаў ҳәм алдын алыўға қаратылған илажларды ислеп шығады ҳәм әмелге асырады;
- коррупциялық ҳуқықбузарлықларды ислеген хызметкерлерди Өзбекстан Республикасы нызамшылығына муўапық жуўапкершиликке тартыўға қаратылған илажларды әмелге асырады;
- коррупцияға қарсы гүресиў бойынша жумыс алып барып атырған уйымлар ўәкиллери қатнасында Кәханада семинарлар, дөңгелек столлар, лекциялар шөлкемлестиреди;
- Кәрханада пайда болған коррупция машқаласын анализлейди, коррупциялық көринислердиң келип шығыў себеплерин ҳәм шараятларын анықлайды;
- Кәрхананың Жоқары басшылығына коррупцияға қарсы гүресиўге қаратылған шөлкемлестириў-әмелий илажларын жетилистириў бойынша пикир-усынысларды таярлаў ҳәм жеткериўди әмелге асырады;
- анықланған ҳәр бир коррупциялық ҳуқықбузарлық факти бойынша хызмет сорастырыўын алып барады;
- Өзбекстан Республикасы нызамшылығының коррупцияға қарсы гүресиў бойынша талапларын мониторинг қылады, Кәрхананың структуралық бөлимлерине тийисли мағлыўматларды жеткереди;
- Кәрхананың структуралық бөлимлери сораўлары бойынша ишки кормативлик ҳүжжетлердиң, соның ишинде ислеп шығыў ҳәм келисиў басқышларында, коррупцияға қарсы экспертизасын өткереди;
- коррупцияға қарсы гүресиў саласында улыўма методологияны ислеп шығыўда қатнасады.

**6.4.** Хызметкерлер басқармасы:
- тийисли дәрежеде коррупцияға қарсы гүресиў мәдениятын қәлиплестириў мақсетинде Кәрхана хызметкерлерин, сондай-ақ жаңадан қабыл етилип атырған жумысшыларды усы Сиясат ҳәм Кәрханада коррупцияға қарсы гүресиў бойынша басқа да ҳүжжетлер менен таныстырады;
- Кәрхана хызметкерлерин коррупцияның алдын алыў ҳәм оған қарсы гүресиў, сондай-ақ олар тәрепинен усы Сиясат ҳәм Кәрхананың басқа да ишки нормативлик ҳүжжетлерин орынлаў мәселелери бойынша оқытыўды шөлкемлестириўге қатнасады.

**6.5.** Кәрхананың барлық хызметкерлери:
- коррупцияға қарсы гүресиў саласындағы Өзбекстан Республикасы нызамшылығын, усы Сиясат ҳәм Кәрхананың басқа да ишки ҳүжжетлери талапларын сөзсиз орынлайды;
- өз хызмет ўазыйпаларын Корпоративлик этика кодекси талапларын сақлаған ҳалда атқарады ҳәм қандай да бир коррупциялық ҳуқықбузарлық ҳәрекетлеринен ҳәм/ямаса сондай ҳуқықбузарлыққа шараят жарататуғын басқа да ҳәрекетлерден өзлерин тыяды;
- өзлерине коррупциялық ҳуқықбузарлық ислеўге аўдырыў мақсетинде мүрәжат еткен барлық ҳалатлар, сондай-ақ Кәрхананың басқа хызметкерлери тәрепинен усындай ҳуқықбузарлықты ислеген қандайда бир факт ҳаққында өзиниң баслығына ҳәм/ямаса Комплаенс қадағалаў бөлими баслығына хабар береди;
- коррупцияға қарсы гүресиўге, коррупциялық ҳуқықбузарлықларды ашыўға қатнасады ҳәм Кәрханада коррупцияға қарсы гүресиў бойынша қабыл етилген ишки ҳүжжетлер талапларын орынлаўға жеке жуўапкершилик алып барады;
- өз хызмет ўазыйпаларын атқарыў пайытында мәплер соқлығысыўына алып келетиуғын ҳәм/ямаса алып келиўи мүмкин болған жеке қызығыўшылыққа жол қоймайды;
- коммерциялық қупияның сақланыўын тәмийинлейди ҳәм бул мағлыўматты мүлклик ҳәм мүлклик емес байлық және артықмашлық алыў мақсетинде пайдаланбайды;
- хызмет дәрежесинен пайдаланып, хызметке байланыслы болмаған мәселелерди шешиўде өзине бойсыныўшы хызметкерлердиң жумысына тәсир етпейди, оларды ҳәм басқа шахсларды коррупциялық ҳуқықбузарлық ислеўге аўдырмайды (мәжбүрлемейди);
- жүз бериўи мүмкин болған мәплер соқлығысыўының, коррупциялық ҳуқықбузарлықтың ҳәм олардың ақыбетлериниң келип шығыў себеплерин ҳәм шараятларын сапластырыў бойынша илажлар көреди.

## VII. КОРРУПЦИЯНЫҢ АЛДЫН АЛЫЎ ҲӘМ ОҒАН ҚАРСЫ ГҮРЕСИЎ СИЯСАТЫ ТАЛАПЛАРЫН ОРНЛАМАҒАНЛЫҚ УШЫН ЖУЎАПКЕРШИЛИК

**7.1.** Кәрхана хызметкерлери ийелеп турған лаўазымына қарамастан усы Сиясат ҳәм басқ да коррупцияға қарсы гүресиў менеджменти системасының ишки ҳүжжетлери принцип ҳәм талапларын орынлаў ушын жеке жуўапкершиликке ийе.

**7.2.** Бөлим баслықлары хызметкерлер тәрепинен усы Сиясатқа муўапық коррупция профилактикасы ҳәм оған қарсы гүресиў бойынша миннетлемелерин орынлаўы ушын жуўап береди.
**7.3.** Кәрхана хызметкерлери ийелеп турған лаўазымына, мийнет стажы ҳәм басқа да шәртлерге қарамастан ҳәрекеттеги Өзебкстан Республикасы нызамшылығына муўапық өз хызмет ўазыйпасына байланыслы коррупциялық ҳуқықбузарлық ислегени ушын жеке жуўапкер есапланады.

## VIII. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

**8.1.** Бул Сиясат Кәрхананың Бақлаў кеңеси тәрепинен тастыйықланған ўақыттан баслап күшине киреди.
**8.2.** Бул Сиясатта сәўлелендирилмеген ҳәр қандай сораў бойынша Кәрхана ӨзР ҳәрекеттеги нызамшылығын, Кәрхананың басқа да ишки нормативлик ҳүжжетлерин басшылыққа алады.
**8.3.** Бул Сиясат Кәрхананың барлық хызметкерлерине мағлыўмат ушын жеткерилиўи тийис.
**8.4.** Бул Сиясат талаплары орынланыў ушын миннетли.